

CHIMEN SIKSÈ YO
PREPARASYON POU KOLÈJ AK KARYÈ
GID PLANNIN POU ELÈV AK PARAN TIMOUN KLAS SEGONDÈ AK
HIGH SCHOOL

SA “PARE POU KOLÈJ AK KARYÈ” VLE DI?

Elèv pare pou kolèj ak karyè lè yo gen konesans, aptitud ak preparasyon akademik nesèsè pou anrejistre ak reyisi nan kou entwodiksyon kolèj ki bay kredi nan pwogram a nivò diplòm inivèsite oswa bachelèye san nesèsite pou yo pran kou ratrapaj. Elèv sa yo bezwen menm karakteristik ak nivo pèfòmans sa yo pou yo kab rantre ak reyisi nan pwogram travay ak edikasyonèl sa yo oubyen pou yo ka jwenn yon travay ki ofri yon sale ki kab pèmèt yo viv ak yon chans pou avansman nan karyè yo.

PWOMOSYON DE KLAS SEGONDÈ A HIGH SCHOOL

Pwomosyon de klas segondè piblik la Florid pou ale nan High School egzije pou konplete ak siksè tout sa klas de (6 a 8) yon an distri lekòl piblik la mande. Pwomosyon de segondè a High School mande pou elèv la konplete kou swivan sa yo:

- Anglè - 3 kou segondè ou pli avanse
- Matematik – 3 kou segondè ou pli avanse
- Syans Sosyal yo – 3 kou segondè ou pli avanse ki gen ladann yon semès etid gouvènman letà ak federal ansanm ak enstriksyon sivik.
- Syans - 3 kou segondè ou pli avanse
- Plannin pou Karyè ak Edikasyon – 1 kou (kote elèv yo va devlope yon Plan Pèsonèl Edikasyon elektwonik oswa [ePEP])

EGZIJANS POU GRADYE HIGH SCHOOL

Elèv la Florid yo kab rantre nan premye ane high school nan lane eskolè 2011-2012 la ak tout sa ki rantre aprè yo kab chwazi de divè opsyon swivan sa yo pou jwenn diplom nòmal high school la:

- 4 lane, pwogram 24 kredi
- 3 lane, 18 kredi pwogram preparatwa pou kolèj
- 3 lane, 18 kredi pwogram preparatwa pou karyè

Epi tou, tout elèv, kelkeswa pwogram gradyasyon an, fèt pou genyen not de 2.0 sou 4.0 ak pase Florida Comprehensive Assessment Test®(FCAT) ak yon not de 2.0 nan 10yèm klas la nan Lekti ak Evalyasyon End-of-Course (EOC) pou gradye ak diplom nòmal high school.

Tout elèv kab rantre nan 9yèm klas, kredi pou kou egzijib nan 3 pwogram de chwa pou gradyasyon ki make anlè a gen ladann yo sa ki swiv yo:

Anglè – 4 kredi

Matematik – 4 kredi ki fèt pou enkli

Debi 2011-2012

- 1 kredi nan Aljeb 1 ak pase evalyasyon EOC a
- 1 kredi nan Jewometri (fèt pou pran EOC a – 30% de not kou final yo)

2012-2013 ak tout lòt ane ki swiv yo

- 1 kredi nan Aljeb 1 ak pase evalyasyon EOC a
- 1 kredi nan Jewometri ak pase evalyasyon EOC a
- 1 kredi nan Aljeb 2

Syans – 3 kredi ki fèt pou enkli

Debi 2011-2012

- 1 kredi nan Biyoloji (Fèt pou pran evalyasyon EOC a- 30% de not kou final yo)

2012-2013

- 1 kredi nan Biyoloji epi pase evalyasyon EOC a

2013-2014 ak tout lòt ane ki swiv yo

- 1 kredi Biyoloji di moman elèv la pase evalyasyon EOC a
- 1 kredi nan Chimi oswa Fizik oubyen yon ekivalan
- 1 kredi pou nenpòt ki klas syans avanse

Syans Sosyal – 3 kredi

- 1 kredi pou Istwa Jeneral
- 1 kredi pou Istwa Dèzetazini
- .5 kredi pou kou sou Gouvènman Lèzetazini
- .5 kredi syans ekonomik

An plis, kredi egzijib ke pwogram gradyasyon elèv la chwazi mande ki enkli sa ki swiv anba la a:

Pwogram 24 –Kredi

- 1 kredi pou Bozà oswa Bozà pou Espèktak, Diskou ak Deba, Lèzà Pratik
- 1 kredi pou kilti fizik ki enkli entegrasyon santé ladann
- 8 klas opsyonèl

3-Ane, 8-Kredi Pwogram Preparatwa pou Kolèj

- 2 kredi pou lang etranjè
- 2 kredi pou klas opsyonèl

3-Ane, 8 Kredi Pwogram Preparatwa pou Karyè – 4 klas opsyonèl

- 3 kredi pou yon grenn pwogram edikasyonèl pou swa karye oswa vokasyonèl 1 kredi klas opsyonèl OUBYEN
- 3 kredi pou yon grenn sètifika teknik/Pwofesyonèl kote elèv la enskri nan tou de ak 1 kredi pou klas opsyonèl OUBYEN

- 4 Kredi pou edikasyon vokasyonèl/Pwofesyonèl (enkli 3 kredi nan youn nan pwogram edikasyon teknik ak 1 pwogram edikasyon teknik ak pwofesyonèl konsekitif)

PWOGRAM AVANSE YO POU ELÈV HIGH SCHOOL

Etid yo pwouve ke tout elèv ki konplete pwogram akademik solid nan high school, enkli kou avanse yo, gen plis chans pou reyisi nan kolèj. La Florid ofri plizye pwosedi akselerasyon ki bay elèv yo opòtinite pou jwenn ni kredi high school ni kredi kolèj an menm tan. Pou plis enfòmasyon sou pwogram ki disponib yo kontakte yon konsèyè lekòl.

Egzanp pwosedi akselerasyon sa yo ansanm ak chwa klas avanse yo sou sit web resous espesifik sa yo enkli swivan bagay sa yo:

Bachelye Entènasyonal (IB) Pwogram Diplòm <http://www.ibo.org>

Pwogram Sètifika Entènasyonal Avanse (AICE)
<http://www.cie.org.uk/qualifications/academic/uppersec/aice>

- Pwogram Sètifika Jeneral Entènasyonal Edikasyon Segondè (Pre-AICE) fèt pou elèv ki nan nevyèm ak dizyèm klas pou prepare yo pou Pwogram AICE a. Nòmalman yo pa bay kredi pou nivo pwogram sa a. <http://www.cie.org.uk> (klike sou Cambridge Secondary 2 14-16 years)

Doub enskripsyon ak rantrè <http://www.fldoe.org/articulation/pdf/dualenrollfaqs.pdf>

Pwogram Avanse Etid Siperyè (AP) <http://www.collegeboard.com/student/testing/ap/about.html>

Ekòl Vityèl La Florid (FLVS) ofri elèv yo aksè a tout klas Plasman Avanse yo <http://www.flvs.net>

Planifikasyon pou reyisit

Kounyen an li pli enpòtan ke janme pou planifye davans epi chwazi klas korèk yo nan high school. Gen egzijans byen espesifik pou jwenn diplom high school ak kalifye pou rantrè nan swa kolèj oubyen inivèsite. Florida's Academic Counseling and Tracking for Students, FACTS.org (Konsèy Akademik ak Swivi pou Elèv yo) se yon sistèm konsèy an liy pou elèv ke Depatman Edikasyon Florid ofri pou ede elèv yo fè chwa enfòm sou koze edikasyon.

Egzijans pou Bous Bright Futures pou Elèv kab Gradye an 2012

Bi Pwogram Bous Florida Bright Futures la se rekonpanse tout elèv ki byen reyisi nan etid akademik yo pandan high school e founi fon pou yo kab asiste edikasyon siperyè nan la Florid

Pri Florida Academic Scholar (FAS ak Florida Medallion Scholar (FMS))

Egzije bagay swivan sa yo:

16 kredi kou akademik preparatwa kolèj

- 4 Anglè (3 ki enkli bon jan disètasyon)
- 4 matematik (Aljeb nivo 1 oswa pi avanse)
- 3 syans natirel (ak bon kou laboratwa)
- 3 Syans sosyal
- 2 lang etranjè (konsekitif, nan menm lang la)

Yon mwayenn de 3.5 nan kou ki mansyone anlè a yo, 100 lè sèvis kominotè, ak yon mwayenn de 1270 an total nan egzamen SAT a (baze sou konbinezon Lekti ak Seksyon Matematik yo sèlman) oubyen mwayenn 28 nan ACT (ki pa konte seksyon disètasyon an) pou ka kalifye antan ke Florida Academic Scholar.

Yon mwayenn de 3.0 nan kou ki mansyone anlè a yo, 75 lè sèvis kominotè, ak yon mwayenn minimòm de 980 nan egzamen SAT a (baze sou yon konbinezon Lekti ak Seksyon Matematik yo sèlman) oswa yon mwayenn de 21 nan ACT (ki pa konte seksyon disètasyon an) pou kalifye antan ke Florida Medallion Scholar

Yo ka sèvi Jiska 2 kredi adisyonèl nan kou akademik ki mansyone anlè a oswa nan bozà ki fèt pou parèt nan kanè not high school pou monte mwayenn Bright Futures elèv la.

Egzijans Nòt pou elèv Bright Futures yo

Akademik eskolè

2012-SAT 1270 oswa ACT 28
2013-SAT 1280 oswa ACT 28
2014-SAT 1290 oswa ACT 29

Medallion Scholar

2012-SAT 980 oswa ACT 21
2013-SAT 1020 oswa ACT 22
2014-SAT 1170 oswa ACT 26

Pri Gold Seal Vocational Scholars (GSV)

Egzijans yo enkli kou swivan say o:

16 kredi esansyèl pou gradye de high school

- 4 Anglè
- 4 Matematik (inkli Aljeb 1)
- 3 Syans natirèl
- 3 Syans sosyal (Istwa Lèzetazini, Istwa Mondyal, Gouvènman Lèzetazini ak Syans Ekonomi)
- 1 klas Bozà oswa Lèzà pratik; oswa .5 kredi nan chak
- 1 klas Kilti Fizik (ki enkli entegrasyon sante ladann)

Mwayenn 3.0 nan tout kredi yegzije pou gradyasyon*

Yon minimòm 3 kredi nan pwofesyon ak edikasyon teknik nan 1 pwogram vokasyonèl ki konplete omwen pandan 2 lane akademik ak yon mwayenn de 3.5 nan klas say o.

Nòt Egzamen yo- Tout elèv fèt pou genyen nòt minimòm ki make anlè a nan chak seksyon Egzamen College Placement Test la (CPT), SAT, oswa ACT (yo pa pèmèt konbine seksyon yo)

- CPT: Lekti 83/Aptitud pou konpoze fraz 83/Aljèb 72
- SAT: Lekti 440/Matematik 440 (Enfòmasyon sou sit web: <http://www.collegeboard.org>)
- ACT: Anglè 17/Lekti 18/Matematik 19 (Enfòmasyon sou sit web: <http://www.act.org>)

30 è sèvis kominotè

- Tout diplom swa Kolèj ou Pwofesyonèl kab sèvi pou kalifye pou GSV pouvi li genyen klas opsyonèl apwopriye teknik oswa pwofesyonèl.

Pou tout lòt fason pou kalifye pou bous Bright Futures yo ak pou plis enfòmasyon, vizite <http://www.floridastudentfinancialaid.org/ssfad/bf/>. Pou lòt enfòmasyon konsènan èd finansye, vizite biwo Èd Finansye pou Elèv la nan: <http://www.FloridaStudentFinancialAid.org>

Chwa Aprè Segondè yo

Sistèm Inivèsite Leta (SUS) Egzijans Minimòm pou Enskripsyon

Gen anpil konpetisyon pou rantre nan inivèsite piblik Florid yo. Admisyon yo fèt dapre limit etabli pou enskripsyon yo ak kalifikasyon pami tout gwoup elèv premye lane inivèsite yo. Kandida potansyèl yo fèt pou konplete yon kurikulòm estrik nan high school ak aplike nan plizyè inivèsite pou ogmante chans ke yaksepte yo. Pou kalifye pou rantre nan youn nan inivèsite piblik la Florid yo, nouvo elèv kolèj pou ete 2011 oswa ki rantre pita fèt pou reyini egzijans minimòm say o:

- Gradye ak diplòm nòmal high school
- Rezilta tout nòt egzamen admisyon yo
- 16 kredi kou preparatwa akademik nivo kolèj – al nan egzijans pou bous Bright Futures la (FAS ak FMS)
- 2 klas opsyonèl apwouve

Se inivèsite a ki responsab kalkile mwayenn high school la, e li fèl baze sou 4.0 de tout nòt akimile nan klas akademik de baz high school yo (yo kab bay pwen ekstra pou nòt nan matyè AP, doub enskripsyon, elèv ki fè pati mechè etidyan yo, pwogram diplòm IB, pwogram AICE, ak lòt klas avanse yo).

Byen ke potansyèl pou yon reyisit akademik esansyèl, gen anpil lòt faktè ke yo ta kab konsidere lè yap fè revizyon aplikasyon rantre yon elèv. Li kab enkli, men li pa limite a, konbinezon nòt egzamen y oak Mwayenn la ki endike potansyèl pou reyisi, amelyorasyon nan nòt high school, pase edikasyonèl fanmi a, nivò sosyo-ekonomik, gradyasyon de yon lekòl ak nivo edikasyonèl ba, gradyasyon de yon pwogram IB, anplasman geyografik, sèvis militè, talan oswa aptitud espesyal, oubyen tout lòt sikonstans espesyal.

Pou plis enfòmasyon sou chak inivèsite piblik la Florid, vizite <http://www.flbog.org/aboutsus/universities>.

Ansanm Admisyon pou SUS yo (Otòn 2010 Admisyon yo)

Florida Agricultural and Mechanical University (FAMU)

Mwayenn GPA – 2.744-3.412

Mwayenn SAT 1300-1540

Mwayenn ACT 8-22

Florida Atlantic University (FAU)

Mwayenn GPA- 3.2-3.8

Mwayenn SAT 1510-1720

Mwayenn ACT 22-26

Florida Gulf Coast University (FGCU)

Mwayenn GPA 3.07 – 3.73

Mwayenn SAT 1450-1680

Mwayenn ACT 20-24

Florida International University (FIU)

Mwayenn GPA 3.4-4.1

Mwayenn SAT 1530-1810

Mwayenn ACT 24-27

Florida State University (FSU)

Mwayenn GPA 3.6-4.2

Mwayenn SAT 1220-1390

Mwayenn ACT 26-30

New College of Florida (NCF)

Mwayenn GPA 3.73-4.28

Mwayenn SAT 1220-1390

Mwayenn ACT 27-31

University of Central Florida (UCF)

Mwayenn GPA 3.5-4.2

Mwayenn SAT 1700-1890

Mwayenn ACT 25-28

University of Central Florida (UCF)

Mwayenn GPA 3.5-4.2

Mwayenn SAT 1700-1890

Mwayenn ACT 25-28

University of Florida (UF)

Mwayenn GPA 4.1-4.4

Mwayenn SAT 1870-2100

Mwayenn ACT 28-32

University of North Florida (UNF)

Mwayenn GPA 3.41-4.1
Mwayenn SAT 1140-1270
Mwayenn ACT 23-26

University of South Florida

Mwayenn GPA 3.51-4.12
Mwayenn SAT 1090-1290
Mwayenn ACT 24-28

University of South Florida St. Petersburg (USFSP)

Mwayenn GPA 3.21-3.85
Mwayenn SAT 1020-1180
Mwayenn ACT 21-26

University of West Florida (UWF)

Mwayenn GPA 3.1-4.0
Mwayenn SAT 1000-1180
Mwayenn ACT 21-26

Sistèm Kolèj La Florid

Sistèm kolèl la Florid enkli 28 kolèl letà, kolèj, ak kolèj kominotè yo (Kolèj la Florid yo). Kolèj say o ofri sètifika pwofesyonèl ak yon pwogram diplom de dezane (associate degrees) ki prepare elèv yo pou transfere nan pwogram bachelèye oswa jwenn travay ki mande aptitud espesifik yo. Plis de la mwaye, kounyen an, ofri diplom 4 ane yo nan branch ki pi fò an demann yo, sa pèmèt elèv yo transfere de yon pwogram 2 zan a yon pwogram diplom bachelèye san yo pa bezwen chanje etablisman.

Kolèj la Florid yo gen yon politik pòt ouvè. Sa vle di ke elèv yo ki déjà genyen diplom nòmal high school, ki déjà gen ekivalan diplom high school, oswa ki demontre reyisit nan klas postsegondè, oubyen ki déjà jwenn Sètifika ke li konplete egzijans pou elijib nan Tès Plasman nan Kolèj ap kab rantre ak aksepte nan yon pwogram 2 ane kolèj (associate degree). Mèzalò, yo kab mande elèv say o pou pran klas ratrapaj nan Anglè ak Matematik si nòt egzamen yo demontre ke aptitud yo nan matyè sa yo pa alawotè nivò kolèj.

Pou plis enfòmasyon sou Kolèj la Florid yo, vizite <http://www.fldoe.org/CC>

Sistèm Atikilasyon 2 + 2 la Florid

La Florid rekoni a nivò nasyonal pou atikilasyon efikas li genyen ant etablisman eskolè yo. Elèv yo kab komanse ak etid pos-segondè yo nan yon kolèj la Florid aprè yon konplete de pwogram diplom associate degree, transfere nan yon pwogram inivèsite letà pou 4 ane, yon kolèj ki ofri yon pwogram 4 ane, oswa yon inivèsite prive.

Elèv ki chwazi transfere de yon inivèsite letà gen rantrel garanti, byen ke pa nesèsèman nan pwogram oswa inivèsite chwa yo. Apeprè 40% nan elèv klas sipèryè yo kin an inivèsite letà yo komanse etid pos-segondè yo nan kolèj la Florid.

Sèvis Tranzisyon pou Moun Enfim

Ofieamezi elèv yo kite high school epi komanse ak edikasyon pos-segondè yo, yo pase de Lwa Edikasyon pou Moun Enfim (IDEA) a Lwa pou Ameriken Enfim yo (ADA). Tranzisyon sa a afekte tip sèvis ak responsabilite yo ofri ni pou elèv yo ni pou etablisman edikasyonèl yo. Elèv kolèj ki gen enfimite ki dokimante kalifye pou resevwa sèvis sipò ak aranjanman espesyal yo. Tout resous ki gen rapò a sèvis tranzisyon pou moun ki enfim yo enkli sa ki swiv yo:

Plannin Tranzisyon pou Elèv Enfim yo: *Yon Gid pou Fami yo*

<http://www.fldoe.org/ese/rtf/TransitionGuide.rtf>

Kolèj la Florid yo – Sèvis Sipò pou Enfimite <http://www.fldoe.org/cc/educators/Disability/dss.asp>

Sistèm Inivèsite Letà la Florid – Sèvis pou Elèv Enfim yo

<http://www.flbog.org/forstudents/ati/disabilities.php>

Admisyon nan Lame Amerikenn

Tout branch lame amerikenn ofri lòt opsyon pou elèv aprè yo finn gradye high school. Egzamen The Armed Services Vocational Aptitude Battery (ASVAB) se yon egzamen admisyon ki egzijib pou anwole nan lame amerikenn. Pou plis enfòmasyon sou ASVAB, tanpri vizite <http://www.military.com/ASVAB>.

Tanpri, al nan sit web ki make anba yo pou plis enfòmasyon konsènan sa yo egzije pou egzamen admisyon yo:

United States Air Force	http://www.airforce.com/
United States Army	http://www.goarmy.com/c15.html
United States Coast Guard	http://www.uscg.mil/
United States Marine Corps	http://www.marines.com/-default
United States Navy	http://www.navy.com

Dokiman sila a devlope pa Pwojè Sèvis Sipò Elèv, yon pwojè espesyal fonde pa Depatman Edikasyon la Florid, Divizyon Lekòl Piblik yo, Biwo Edikasyon Eksepsyonèl ak Sèvis pou Elèv yo, atravè asistans federal ki tonbe anba Lwa Edikasyon pou Moun Enfim yo (IDEA), Pati B.



Depatman Edikasyon la Florid
Komisyonè Gerard Robinson